

REGLEMAN DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH, FLORID

Tit 6Gx50  
Chapit 5. Pou Elèv  
Seksyon 5.1813

**Règleman 5.1813 Metòd operasyonèl pou enfraksyon ak aksyon elèv segondè komèt**

**1. Ide jeneral**

- a. Tablo matris enfraksyon ak sanksyon nou jwenn nan finisman lwa sa a, se yon enstriman administratè lekòl yo kab itilize pou bay pinisyon ki koresponn ak move konpòtman elèv nivo segondè yo. Objektif matris repètwa sa a se pou tabli yon sistèm disiplinè ki konsistan ak byen balanse pou tout distri a ak yon seri aksyon disiplinè byen detèmine ki koresponn ak chak kalite enfraksyon ki komèt. Konsa, administratè yo ap kapab redui nivo sibjektivite ki kab genyen nan desizyon y ap pran pou rezoud pwoblèm disiplin yo ak jwenn ki prensip oswa lwa distri a bay kòm referans pou rekòmande yon minimòm aksyon disiplinè kòm sanksyon oswa konsekans pou dezòd ki fèt yo. Minimòm aksyon obligatwa sa yo, distri a rekòmande a, ap ede administratè yo kominike pi byen ak paran yo, elèv yo, anplwaye yo ak lòt pèsònèl lekòl yo konsènan pwoblèm disiplin yo.
- b. Si matris enfraksyon ak aksyon yo itilize kòm sadwa, konsantrasyon done sou enfraksyon disiplinè yo ta dwe chanje soti nan pinisyon k ap bay akòz konpòtman elèv pou konvèti pito an konpòtman elèv ki vin amelyore kòm rezilta konsekans sa yo. Paegzanp, olye pou konsantre sou kantite sispansyon yo, n ap kòmanse konsidere pito enfraksyon ki lakoz sispansyon sa yo. Apre sa lekòl yo gen pou chèche wè ki opòtinite ki genyen pou egzekite yon seri pwogram/ inisyativ/ estrateji, epi apre sa, pou founi èd bay estaf anplwaye lekòl la. Pou enfraksyon ki pa mande pou gen yon sispansyon deyò lekòl la, lekòl yo ta dwe itilize teknik sispansyon nan lekòl la kèlkeswa lè sa nesèsè a kòm mwayen altènativ pou evite sispansyon deyò lekòl la.
- c. Distri lekòl la rekonèt matris repètwa enfraksyon ak aksyon disiplinè yo dwe fèt yon fason pou yo konsistan ak lwa pou moun ki andikape yo ("IDEA") ansanm ak Seksyon 504 lwa Reyabilitasyon an ("Seksyon 504"). Pakonsekan, elèv ki kalifye pou jwenn sèvis nan kad lwa IDEA ak Seksyon 504 la, ap resevwa sanksyon disiplinè pa yo dapre egzijans lwa sa yo, ann akò ak prensip regleman Distri lekòl kote sa mansyone yo aplikab pou elèv ki klase nan kategori lwa IDEA ak 504.

**2. Fason pou sèvi ak matris la**

- a. Lè yon elèv komèt yon enfraksyon, konpòtman an klase dapre definisyon (yo) ki pi byen eksplike sa k rive a. Mezi administratè a dwe pran (yo) eksplike nan matris modèl Enfraksyon ak aksyon yo. Pou jwenn ki aksyon apwopriye ki dwe pran, gade nan ranje kazye ki kwaze ak kolòn enfraksyon an ak kòd aksyon yo dapre nimewo ki anwo nan kolòn nan. Aksyon ki dwe pran dapre kòd yo nan lis ki andedan bwat adwat matris la. Konsekans minimòm obligatwa kòm pinisyon yo (aksyon ki SIPOZE pran kòm konsekans pou premye ofans) make ak yon "X". Lòt pinisyon anplis (aksyon adisyonèl yon admisnistratè kapab chwazi pou AJOUTE pi gwo pinisyon kont aksyon ki repete, ak ki grav yo) make ak lèt "A". Aksyon obligatwa yo (aksyon ki SIPOZE enpoze) make ak lèt "M". Nan bay yon minimòm pinisyon kòm konsekans obligatwa pou endisiplin ak posibilite pou ajoute plis sanksyon toujou, yon administratè gen opsyon pou li kapab jije gravite enfraksyon yo ak kalite sanksyon ki mache avèk yo. Anplis, yo dwe fè tout efò posib ki nesèsè pou enfòmè paran oswa responsab yo sou kèlkeswa Enfraksyon ak sanksyon disiplin ki konsène pitit yo..

**1. Koudèy rapid sou kòd referans mezi disiplinè ki rekòmande yo**

- a. **Nivo 1**

- i. Enfraksyon konsènan prezans
  - A. Kòd 01 – Reta, abityèl
  - B. Kòd 02 - Woul/Absans non motive
  - C. Kòd 03 – Ki pa nan plas kote yo mete li a
  - D. Kòd 04 – Kite lakou lekòl la san pèmisyon
  
- ii. Enfraksyon konsènan vyolasyon regleman yo
  - A. Kòd 07 – Vyolasyon sou abiman
  - B. Kòd 08 – Karese an piblik
  - C. Kòd 09 – Pran poul oswa triche
  - D. Kòd 10 – Refize respekte regleman klas oswa lekòl la
  - E. Kòd 11 – Dezobeyi regleman nan bis lekòl la
  
- iii. Enfraksyon twoublan yo
  - A. Kòd 14 – Fè jwèt tapajè ki twouble atmosfè lekòl la
  - B. Kòd 15 – Konpòtman twoublan
  - C. Kòd 16 – Langaj derespektan
  - D. Kòd 17 - Entimidasyon/Asèlman
  - E. Kòd 18 - Konfwontasyon
  - F. Kòd 19 – Bay manti/Fè foub
  - G. Kòd 20 – Tout atik oswa objè ki kab twouble atmosfè lekòl la
  - H. Kòd 21 – Atik ilegal, non kriminèl ak medikaman ki pa otorize pou sèvi
  - I. Kòd 22 – Vant/Distribisyon materyèl ki pa otorize
  - J. Kòd 23 - Aktivite ki pa apwopriye

**b. Nivo 2**

- i. Enfraksyon konsènan konpòtman fizik/vèbal ki twoublan
  - A. Kòd 25 – Dezòd oswa tapaj nan otobis lekòl la
  - B. Kòd 26 – Dezobeyisans/ Ensibòdinasyon
  - C. Kòd 27 – Langaj endesan ki vilgè/obsèn
  - D. Kòd 28 – Fè menas, ki pa kriminèl
  - E. Kòd 29 – Agresyon fizik (san mete lapolis ladan)
  - F. Kòd 30 – Konpòtman belijeran repete
  - G. Kòd 31 – Dezobeyisans/Awogans/Ensibòdinasyon repete

- H. Kòd 32 – Entimidasyon, anmèdman, kraponnaj, konpòtman entimidan oswa menasan
- I. Kòd 33 - Kraponnaj
- ii. Enfraksyon konsènan pwopriyete
  - A. Kòd 35 – Maltrete pwopriyete lekòl la/Ti vòl (pou mwens pase \$100)
  - B. Kòd 36 – Ti vòl minè/Vòlè (pou mwens pase senkant dola (\$50))
- iii. Enfraksyon konsènan vyolasyon regleman yo ak lòt enfraksyon grav
  - A. Kòd 39 – Retni (regilye) ki pa t obeyi
  - B. Kòd 40 - Retni (pwolonje/miltip) ki pa t obeyi
  - C. Kòd 41 - Retni (nan samdi) ki pa t obeyi
  - D. Kòd 42 - Fedatifis/Peta
  - E. Kòd 43 – Fè fo dokiman oswa fo siyati
  - F. Kòd 44 – Paryaj aza
  - G. Kòd 45 – Asèlman seksyèl
  - H. Kòd 46 – Deklarasyon menasan
  - I. Kòd 47 – Move aktivite magouy grav oswa repetitif
- iv. Remak: Pou TOUT nivo yo, nenpòt enfraksyon ki gen rapò ak atitud *rayisman ak/oswa aktivite gang* dwe klase nan kategori apwopriye “ki gen rapò ak li” AK dwe konsidere kòm motif pou pran plis aksyon disiplinè kont sa.

**c. Nivo 3**

- i. Enfraksyon konsènan krim ki fèt sou moun
  - A. Kòd 50 - Goumen
  - B. Kòd 51 – Agresyon vèbal sou elèv oswa sou moun (ki pa anplwaye distri lekòl la)
  - C. Kòd 52 – Agresyon vèbal sou anplwaye distri lekòl la
  - D. Kòd 53 – Agresyon fizik sou elèv oswa sou moun (ki pa anplwaye distri lekòl la)
  - E. Kòd 54 – Tantativ zak kriminèl sou lòt moun
  - F. Kòd 55 - Ekstòsyon/Chantaj/Abi mekanste
  - G. Kòd 56 - Vòl
  - H. Kòd 57 – Agresyon fizik sou anplwaye distri lekòl la
- ii. Enfraksyon konsènan pwopriyete
  - A. Kòd 60 – Vòlè pou plis pase senkant dola (\$50)

- B. Kòd 61 – Kanbriyolaj plis pase san dola (\$100) (enkli materyèl/mendèv)
- C. Kòd 62 – Kase kay ak antre/vòlè (antre ilegalman yon kote)
- D. Kòd 63 – Mal sèvi ak konpitè nan imèl oswa entènèt
- E. Kòd 64 – Kondui machin ak mekanste san prekosyon
- F. Kòd 65 – Vòlè machin
- G. Kòd 66 – Mete dife
- H. Kòd 67 – Fè fo/ chanjman nan dokiman/ Lòt enfraksyon majè

iii. Enfraksyon konsènan alkòl ak dwòg

- A. Kòd 70 - Posesyon/Izaj pwodui ki fèt ak tabak
- B. Kòd 71 – Izaj oswa posesyon medikaman ki pa otorize san preskripsyon
- C. Kòd 72 – Itilizasyon pwodui entoksikan
- D. Kòd 73 - Posesyon, izaj, vant, koleksyon, fabrikasyon oswa distribisyon bwason alkolik oswa entoksikan
- E. Kòd 74 - Posesyon, izaj, vant, koleksyon oswa distribisyon aseswa ki sèvi pou pran dwòg
- F. Kòd 75 - Posesyon, izaj, vant, koleksyon oswa distribisyon fo dwòg oswa imitasyon ki kab pase pou reprezante dwòg

iv. Enfraksyon konsènan move konpòtman ak zam

- A. Kòd 80 – Twouble fonksyonman lekòl la/konduit dezòdone
- B. Kòd 81 – Antre sou yon pwopriyete ilegalman san otorizasyon
- C. Kòd 82 - Rele dife pou gran mesi/Rele 911 pou gran mesi
- D. Kòd 83 - Menas bonm
- E. Kòd 84 – Zak inapwopriye, endesan oswa obsèn
- F. Kòd 85 – Move konpòtman seksyèl
- G. Kòd 86 - Posesyon kouto
- H. Kòd 87 - Posesyon lòt objè oswa atik ki kab koze danje

d. **Nivo 4** – Enfraksyon kriminel

- i. Kòd 89 – Menas vyolans (Nivo grav)
- ii. Kòd 90 – Posesyon zamafe
- iii. Kòd 91 - Posesyon revolvè
- iv. Kòd 92 - Posesyon, izaj, vant, koleksyon oswa distribisyon yon konpoze eksplozif kèlkonk (ki pa fedatifis ni peta)

- v. Kòd 93 – Vann, posede dwòg, imitasyon dwòg ki pase kòm dwòg ak lòt medikaman sou preskripsyon ak entansyon pou vann oswa distribye yo kòm dwòg
- vi. Kòd 94 – Agresyon grav
- vii. Kòd 95 – Vòl a men ame
- viii. Kòd 96 – Agresyon oswa Agresyon grav sou anplwaye distri lekòl la
- ix. Kòd 97 – Vyolans seksyèl
- x. Kòd 98 - Kidnaping oswa anlèvman
- xi. Kòd 99 - Omisid

**e. Kòd pou lòt Enfraksyon**

- i. Kòd FS – Sispansyon pou ensidan kriminel
- ii. Kòd PI – Pou menm ensidan ki te fèt deja a

**2. Definisyon kòd aksyon disiplin ki rekòmande pou enfraksyon elèv**

**a. Nivo 1**

- i. Enfraksyon konsènan prezans ak absans
  - A. Kòd 01 - **Reta abityèl.** Vle di mankman kontinyèl pou prezans nan klas oswa sou plas a lè yo mande a.
  - B. Kòd 02 - **Woul/Absans san motif.** Vle di yon absans nan klas oswa lekòl ki pa gen rezon valab ki eksplike li, ki pa fonde oswa ki pa ranpli kondisyon pou yon absans ki merite eskize.
  - C. Kòd 03 - **Andeyò plas kote li dwe ye.** Vle di deplase kite plas ou san pèmisyon ak/oswa ale nan yon andwa ki limite san pèmisyon.
  - D. Kòd 04 – **Kite lakou lekòl la san pèmisyon.** Vle di kite lakou lekòl la san otorizasyon
- ii. Enfraksyon konsènan vyolasyon regleman yo
  - A. Kòd 07 – **Vyolasyon kòd abiman.** Vle di abiye yon fason ki vyole prensip abiman lekòl la ak/oswa yon fason ki reprezante yon menas pou byennèt elèv la.
  - B. Kòd 08 – **Karese an piblik.** Vle di angaje nan kontak fè lanmou ouvètman an piblik oswa ak langaj ki pa apwopriye nan anviwònman lekòl la.
  - C. Kòd 09 – **Pran poul** (Kopye devwa yon lòt moun, sèvi ak materyèl ki pa otorize pou sèvi). Vle di kopye sou devwa nenpòt lòt moun oswa kopye nenpòt tèswa devwa. Plajyaris.
  - D. Kòd 10 – **Nonnobsèvan regleman klas oswa lekòl la.** Vle di vyolasyon regleman espesifik klas lekòl la ki afiche oswa ki ekri, oubyen regleman ki pa nesèman yon konpòtman twoublan; egzanp: moulen chiklèt tout tan, vini nan klas san prepare, etsetera.

E. Kòd 11 – **Dezobeyi regleman otobis lekòl la.** Vle di vyolasyon kòd konduit ki afiche oswa ekri sou otobis la men ki pa oblije kèk konpòtman twoublan; egzanzp, pa chita nan plas ou, manje oswa bwè nan otobis la, monte oswa desann otobis la kote w pa sipoze fè sa. (Gade **Kòd 25** nan seksyon sou konpòtman ki twoublan nan otobis lekòl.)

iii. Enfraksyon ki twoublan yo

A. Kòd 14 - **Jwèt twoublan** Vle di aktivite ki pa vyolan men ki pa apwopriye nan yon anviwònman lekòl ak ki twoublan pou kondisyon edikasyon an. Angaje nan konpòtman vilgè, agresif ki afekte bòn mach lekòl la paespre. Egzanzp: Jwèt cheval, kouri dèyè yon lòt elèv nan koulwa lekòl yo oswa nan sal klas, elatriye.

B. Kòd 15 - **Konpòtman awogan** Vle di konpòtman ki pa kriminèl men ki, dapre jan l prezante, twouble atmosfè edikasyon an. Konduit ki afekte atmosfè ansèyman/aprann, oswa twouble lòd anviwònman sal klas/aprann.

C. Kòd 16 - **Langaj awogan.** Vle di remak oswa kòmantè ekri oswa vèbal oswa jès ki montre yon mank respè, awogans, oswa ki pa apwopriye. Itilize mo oswa komèt aksyon ki diminye, degrade, pwovoke oswa imilye yon lòt moun oswa yon gwoup moun.

D. Kòd 17 - **Entimidasyon/Anmèdman** Vle di yon moun tapajè ki sèvi avèk fòs (fizik, vèbal, ekri oswa sikolojik) pou kèlkeswa rezon an yon fason byen detèmine avèk entansyon pou l fè mal oswa imilye yon lòt moun pou nenpòt tikrik tikrak, epitou, men ki pa sèlman limite ak laj, sèks, ras, nasyonalite, orijin etnik, relijyon oswa tandans seksyèl.

E. Kòd 18 - **Konfwontasyon.** Vle di diskisyon vèbal oswa ankourajman konplis pou eksite konfwontasyon oswa altèkasyon ki kab dejenere pou tounen an batay oswa akwochay.

F. Kòd 19 – **Bay manti/Fè foub.** Vle di bay move enfòmasyon oswa enfòmasyon ki pa laverite, oswa kenbe yon bon enfòmasyon an sekre ak tout entansyon pou evite yon anlwaye oswa estaf lekòl la konnen sa.

G. Kòd 20 – **Atik ki twouble atmosfè lekòl la.** Vle di posede, montre, oswa itilize nenpòt bagay ki twouble lapè piblik oswa moun ak byennèt etablisman an, otobis lekòl la, oswa yon aktivite lekòl la sipòte. (Remak: Elèv ki gen telefòn pòtab oswa selilè yo dwe etenn telefòn nan ak mete li andedan valiz yo, bous yo oswa lòt sak ki fèt pou sa, epi yo pa dwe itilize li pandan yo sou lakou lekòl la oswa pandan aktivite oswa pwogram lekòl la ap òganize (ni yo pa gen dwa kite telefòn sa a emèt okenn kalite son ni bri lè l ap sonnen). (Gade nan **Nivo 3 ak Nivo 4** nan seksyon zam, dwòg, alkòl, tabak, atik vilgè ak lòt atik ki kapab mande entèvansyon lapolis yo.)

H. Kòd 21 – **Atik entèdi men ki pa kriminèl.** Vle di posede ak/oswa itilize nenpòt objè trafike oswa atik enpòte lekòl la klase kòm atik ilegal oswa ki pa apwopriye nan lekòl la tankou aparèy kominikasyon pòtab, bipè, wòkmann ki jwe kasèt oswa sidi, jwèt elektwonik, paten aliye, planch awoulèt, kat majik, brikè, chapo, etsetera. ANSANM AK nenpòt lòt atik ki kab koze distraksyon oswa domaj sou lòt moun oswa sou pwopriyete, oubyen tou ki twouble atmosfè lekòl la nan anpeche elèv aprann. Oubyen posesyon oswa izaj san otorizasyon pwòp remèd preskripsyon yon moun oubyen lòt analjezik fèb yo vann kòm medikaman san preskripsyon doktè yo, tankou aspirin, Advil, Aleve, Midol, NoDoze oswa sipleman èbal yo san paran pa t bay pèmasyon AK lekòl la pa t jwenn enfòmasyon sou sa dapre regleman

5.321 an. (Gade nan **Nivo 3 ak Nivo 4** nan seksyon zam, dwòg, alkòl, tabak, atik vilgè ak lòt atik ki kapab mande entèkansyon lapolis yo.)

- I. Kòd 22 – **Vann san otorizasyon/Distribisyon materyèl (ki pa kriminèl)**. Vle di lavant oswa distribisyon materyèl ki pa otorize; paegzanp: sirèt (**Remak:** Atik ki ilegal oswa ki pa apwopriye, tankou dwòg, zam, pònografi, etsetera dwe klase nan **kategori Nivo 3**.)
- J. Kòd 23 – **Aktivite ki pa apwopriye**. Vle di aktivite ki pa kab ajoute nan lis la kòm yon lòt aktivite ki fè pati enfraksyon **Nivo 1** k ap entewonp oswa anpeche pwosesis fonksyònman ansèyman an nòmman.

## b. Nivo 2

### i. Enfraksyon konsènan konpòtman fizik/vèbal ki twoublan

- A. Kòd 25 – **Enteripsyon nan otobis**. Vle di konpòtman ki entewonp oswa twouble chofè bis la nan travay li pou kondui bis lekòl la nòmman.
- B. Kòd 26 – **Dezobeyisans/Ensibòdinasyon**. Vle di refize obeyi lòd oswa demand yon anplwaye lekòl la.
- C. Kòd 27 – **Langaj endesan ki vilgè/obsèn (itilize vye mo sal pou joure moun, vye jès endesan)**. Vle di langaj vilgè, mo sal, mo betiz oswa jouman ki obsèn (vèbalman, alekri oubyen an jès) oswa konpòtman an prezans lòt moun.
- D. Kòd 28 – **Menas, ki pa kriminèl**. Vle di deklarasyon ki pa gen menm nivo gravite ak yon atak kriminèl. Menas ki pa fin grav men ki poze yon minimòm danje pou viktim nan oswa pou sekirite piblik. Menas la vag oswa endirèk, enfòmasyon ki ladan an pa fin konsistan, li vwale oswa li pa bay detay; menas la pa chita sou reyalyte, epi fason li fèt la montre moun nan pa sanble li kab egzekite li tout bon. (Gade nan Kòd 47 – **Deklarasyon menasan**; Kòd 51 ak 52, **Agresyon vèbal** ak Kòd 89 **Menas vyolans, nivo grav** pou plis detay sou seryozite menas sa yo)
- E. Kòd 29 – **Agresyon fizik (san entèkansyon lapolis)**. Vle di atak fizik ki fèt sou lòt moun ak tout entansyon pou pouse li, rale li, ba l kou oswa frape li. Jeneralman, aksyon fizik sa a pa blese moun nan ni pa mande pou lapolis entèvni. (Remak: Sizoka yon Agresyon fizik lakoz lòt moun nan vin blese tèlman grav li vin nesèsè pou lapolis mele, enfraksyon sa a dwe klase nan kategori goumen oswa **Bat moun**.)
- F. Kòd 30 – **Konpòtman tapajè nuizib repete**. Vle di rekòmandasyon k ap fèt tout tan pou konpòtman nuizib nan kategori nivo 1 tankou fè move jwèt nuizib, langaj derespèktan ak lòt konpòtman k ap repete tout tan ki kreye distraksyon nan anviwònman lekòl la.
- G. Kòd 31 - **Dezobeyisans/Awogans/Ensibòdinasyon repete**. Vle di rekòmandasyon k ap fèt tout tan pou Dezobeyisans, awogans ak ensibòdinasyon.
- H. Kòd 32 - **Kraponnen, anmèkde, entimide moun oswa konpòtman menasan**. Vle di rekòmandasyon k ap fèt tout tan pou konpòtman nuizib ki nan premye nivo tankou kraponnen moun, anmèkde moun, menase moun, ak oswa konpòtman pou fè deblozay.

- I. Kòd 33 - **Kraponnaj**. Vle di nenpòt zak yon elèv komèt ak tout entansyon pou li imilye yon lòt elèv, entimide li, abize li fizikman, oswa menase pou abize li, oubyen lòt fòm pou ekate li sosyalman, fè li santi l wont osinon pou fè li parèt lèd devan lòt moun. Pèmisyon, konsantman oswa akò yon elèv ki viktim kraponnaj pa vle di pou otan elèv ki fè zak la pa antre an vyolasyon ak regleman sa a.

ii. Enfraksyon konsènan pwopriyete

- A. Kòd 35 - **Destriksyon pwopriyete lekòl/Sabotaj minè**. Vle di sèvi mal, maltrete, oswa sabote nenpòt ekipman oswa pwopriyete lekòl la. (**Remak**: Gwo domaj oswa destriksyon dwe klase dapre **Kòd 61 Sabotaj**.)
- B. Kòd 36 - **Ti vòl/Vòlè (Mwens pase senkant dola (\$50))**. Vle di pran, akapare, bwote, oswa kouri ak zafè yon lòt moun ki koute mwens pase senkant dola (\$50). (Gade nan **Kòd 60 Vòlè pou plis pase \$50** pou ka vòl ki pi grav yo.)

iii. Enfraksyon konsènan vyolasyon regleman y ak lòt ensidan grav

- A. Kòd 39 – **Pa rete nan retni (nòmàl)**. Vle di absans san motif pou pa rete pran pinisyon retni ki te bay.
- B. Kòd 40 – **Pa rete nan retni (pwolonje)**. Vle di absans san motif pou pa rete pran pinisyon retni pwolonje ki te bay.
- C. Kòd 41 – **Pa rete nan retni (nan samdi)**. Vle di absans san motif pou pa rete pran pinisyon ki te bay pou vin lekòl la nan samdi.
- D. Kòd 42 - **Fedatifis/Peta**. Vle di posesyon, izaj, lavant, konsèvasyon ak distribisyon fedatifis, peta, oswa lòt atik ki nan menm kalite, depi atik sa a PA sèvi kòm zam, OSWA li PA konsidere kòm zam dapre lwa eta Florid la. (Gade nan **#87 - Possession of Other Potentially Dangerous Items** and **# 92 - Posesyon, Izaj, Lavant, Koleksyon oswa distribisyon nenpòt anjen eksplozif** pou fedatifis ki pi danjre yo.)
- E. Kòd 43 – **Fè fo dokiman oswa fo siyati**. Vle di fòje oswa repwodui siyati yon lòt moun pou fè fwod.
- F. Kòd 44 - **Jwèt aza**. Vle di yon moun ki jwe jwèt aza swa pou lajan, pou avantaj pèsònèl li oswa pou nenpòt kèk lòt objè ki gen valè.
- G. Kòd 45 – **Asèlman seksyèl (Konpòtman seksyèl endezirab vizavi yon lòt moun)**. Vle di konpòtman ki gen konfwontasyon fizik oswa vèbal ladan li ki fèt **san konsantman** moun ki viktim nan ki lakoz yon santiman malalèz ak imilyasyon oubyen ki kreye yon anviwònman ostil pou moun nan. Youn nan koz zigonnman seksyèl, men se pa sa sèlman, ki dwe mansyone tou se lè zak la kreye **yon anviwònman ostil** – Konduit seksyèl ki anmèkdan tankou avans seksyèl; ak lòt konpòtman fizik, vèbal oswa ki pa vèbal yon endividi fè nan yon fason ki grav ase, pèsistan oswa anvayisan ase pou kreye yon anviwònman ki ostil oswa ki vyolan pou ansèyman fèt kòm sadwa. (**Remak**: Nan yon seri ka, asèlman seksyèl ki gen konfwontasyon fizik ladan li kapab konsidere kòm menm ka ak **bay moun kou**, oswa nan ka penetrasyon seksyèl fòse, tankou **kadejak**.)
- H. Kòd 46 - **Deklarasyon menasan**. Vle di yon menas ki nan yon nivo mwayen ki pi serye, ki reprezante yon menas kan menm, malgre li gen dwa pa fin serye nèt reyèlman; kalite menas sa a pi serye pase menas premye

nivo a; mesaj vèbal moun k ap fè menas la voye bay la kapab jeneralman endike ki jan, ki kote ak ki lè menas la ap akonpli (malgre siy sa yo pa bay okenn ide se yon plan byen detaye); pa gen okenn prèv flagran ki montre moun k ap fè menas la fè preparasyon eksprè pou sa, menm si kapab gen kèk siy vag oswa kèk referans vwale ki montre posibilite pou sa; tankou alizyon ak yon fim sinema oswa yon liv ki bay deskripsyon yon aksyon vyolan oswa yon deklarasyon vag ki pale sou disponiblite zam ki genyen pou sa; gen dwa gen yon deklarasyon jeneral tankou yon fraz byen detèmine ki te di pou ranfòse menas la tankou paegzanp: “Se pa ranse m ap ranse!” oubyen “Tout bon, mwen pa nan rans!”

- I. Kòd 47 - **Move aktivite grav k ap fèt tout tan.** Vle di nenpòt aktivite klase nan nivo 2 ki nuizib ak oswa ki pa apwopriye pou fèt nan kad yon lekòl oswa ki pa koresponn ak okenn lòt aktivite ki nan kategori 2 a.

### c. Nivo 3

#### i. Enfraksyon konsènan krim ki fèt sou moun

- A. Kòd 50 - **Goumen.** Vle di patisipasyon tou de pati yo nan yon konfwontasyon fizik ostil; patisipasyon tou de pati yo nan yon altèkasyon ki gen vyolans fizik ladan li.
- B. Kòd 51 - **Agresyon vèbal sou elèv oswa lòt moun (ki pa anplwaye Distri lekòl la).** Vle di nenpòt zak entansyonèl oswa menas ilegal ki fèt ann aksyon oswa an pawòl pou komèt vyolans sou yon lòt moun ak aparans ou kab fè sa vrèman vre, oubyen ki apiye ak kèk aksyon byen fonde ki fè moun nan pè ou kab fè vyolans la tout bon.
- C. Kòd 52 - **Agresyon vèbal sou anplwaye Distri lekòl la.** Vle di nenpòt zak entansyonèl oswa menas ilegal ki fèt ann aksyon oswa an pawòl pou komèt vyolans sou yon anplwaye distri a ak aparans ou kab fè sa vrèman vre, oubyen ki apiye ak kèk aksyon byen fonde ki fè moun nan pè ou kab fè vyolans la tout bon.
- D. Kòd 53 - **Bay yon elèv oswa yon moun kou (ki pa anplwaye Distri a).** Vle di aksyon volontè oswa ilegal ki itilize fòs oswa vyolans fizik sou yon lòt moun. Dwe gen twa faktè fondamantal pou detèmine sa: (1) dwe gen yon agresè ki, (2) gen entansyon fè vyolans fizik sou (3) yon lòt moun. Ikonpri yon agresyon ki fèt ak zam ki koresponn ak deskripsyon ki bay avan yo. (**Remak.** Sèvi ak kategori sa a sèlman lè sitiyasyon agresyon an tèlman grav, sa nesèsè pou kontakte lapolis.)
- E. Kòd 54 - **Atanta zak kriminèl kont yon lòt moun.** Vle di nenpòt moun ki eseye komèt oswa ki mande yon lòt moun pou komèt, oswa ki dakò pou konplote, fè konbinezon, aranje ak [kèk] lòt moun pou komèt ofans tankou bay moun kou, vòl, ansasinay, kidnaping, oswa kadejak sou yon lòt moun, epi k ap fè nenpòt aksyon k ap pèmèt li reyalize ofans sa a, men ki kite yo kenbe li san li poko oswa pa gen tan komèt zak la. (Lalwa Florid ' 774.04)
- F. Kòd 55 - **Ekstòsyon/Chantaj/Entimidasyon.** Vle di izaj menas oswa entimidasyon pou pran yon bagay ki gen valè nan men yon lòt moun tankou paegzanp, men ki pa sa sèlman, lajan. (**Remak:** enfraksyon minè ki PA mande pou lapolis mete bouch nan sa yo dwe klase kòm **Kòd 17 Entimidasyon** oswa **Kòd 32 Kraponnay, asèlman, entimidasyon oswa konpòtman menasan k ap fèt tout tan.**)

- G. Kòd 56 - **Vòl**. Vle di pran oswa atanta pou pran nenpòt bagay ki gen valè ki se pwopriyete lòt moun oswa lòt òganizasyon, nan sikonstans dwòl, pa lafòs oswa lavyolans ak oswa mete viktim nan yon sitiyasyon lapèrèz. Diferans fondamantal ki genyen ant gwo vòl ak ti vòl se menas vyolans ki toujou fèt nan ka gwo vòl yo.
- H. Kòd 57 – **Agresyon fizik sou anplwaye Distri lekòl la**. Vle di zak atak oswa agresyon fizik ki fèt *an tout konsyans* swa pou pouse, rale, frape oswa bay yon anplwaye distri lekòl la kou. Jeneralman aksyon fizik la pa lakoz blese. Yo dwe mete lapolis okouran. Yo gen dwa aplike oswa pa aplike chaj kriminel kòm akizasyon pou sa. (REMAK: SI GEN REKÒMANDASYON POU EKSPILSYON KI FÈT, lè sa a, nan ka sa a, se pou yo itilize kategori Nivo 4 **Kòd # 96 la, Agresyon grav sou anplwaye distri lekòl la.**)

ii. Enfraksyon konsènan pwopriyete

- A. Kòd 60 - **Vòlè plis pase senkant dola (\$50)**. Vle di pran oswa vòlè ilegalman sa yon lòt moun posede, san menas, vyolans oswa agresyon fizik, ak entansyon pou te anpeche mèt byen an toujou gen byen li pou sèvis li kòm pwopriyete li. Pran yon bagay kèlkonk oswa pran yon bagay andedan yon machin sou lakou lekòl la fè pati ladan l tou.
- B. Kòd 61 - **Sabotaj ki koute plis pase san dola (\$100) (materyèl oswa mendèv)**. Vle di destriksyon, domaj, oswa sabotaj volontè sou yon pwopriyete prive oswa piblik, reyèl oswa pèsònèl ki fèt san konsantman pwopriyete a oswa moun ki responsab oubyen k ap kontwole pwopriyete a. Kategori enfraksyon sa ki gen grafiti ladan li tou dwe klase kòm tèl, tou depan si kantite domaj destriksyon ki fèt an materyèl ak an mendèv la koute plis pase san dola (\$100) pou repare, deplase ak/oswa ranplase. (REMAK: Si pwopriyete ki sabote a koute, an materyèl ak an mendèv, mwens pase san dola (\$100) pou repare oswa ranplase, enfraksyon ki fèt la dwe klase kòm **Kòd 35 Sabotaj pwopriyete lekòl la/Sabotaj minè** amwenske lapolis deside akize moun pou sa.)
- C. Kòd 62 - **Kase pòt antre lakay moun/Vòl (antre ilegalman nan lokal yon bilding)**. Vle di antre oswa fòse antre ilegalman nan yon bilding oswa nan yon lòt lokal, oubyen kache dèyè oswa nan ozalantou ak entansyon pou komèt yon zak kriminel nan lokal sa a.
- D. Kòd 63 - **Sèvi mal avèk konpitè/Sèvi mal avèk konpitè oswa avèk imèl/entènèt**. Vle di fè move zak nan konpitè, men se pa sa sèlman, antre san pèmasyon nan yon seri dosye ak rezo ki entèdi, chanje oswa detwi fichye san otorizasyon, kopye pwogram lojisyèl ilegalman, antre, distribiye oswa enprime fichye ki entèdi. Antre oswa ale nan yon seri sit entènèt ki entèdi; Distribiye oswa pwopaje yon seri mesaj elektwonik ki pa apwopriye.
- E. Kòd 64 – **Kondui machin san prekosyon**. Vle di sèvi ak nenpòt veyikil a motè sou lakou lekòl la san prekosyon oswa nan yon fason ki menase sante, sekirite, byennèt lòt moun oubyen ki entewonp fonksyonman nòmral lekòl la.
- F. Kòd 65 - **Vòlè machin**. Vle di vòl oswa fè atanta pou vòlè yon veyikil a motè. *Egzanp*: vòlè yon machin otomobil, yon kamyon, yon motosiklèt, yon charèt pou teren gòlf yo, yon ti charyo a batri, yon RV oswa nenpòt lòt machin a motè.
- G. Kòd 66 - **Boule kay**. Vle di mete dife volontèman oswa ilegalman, oswa pandan w ap komèt nenpòt krim feloni, ak dife oswa eksplozyon, nan

nenpòt kay, kit li te vid, kit li te gen moun ladann, oswa pou boule sa ki nan kay la; ensandye nenpòt imèb oubyen edifis, oubyen sa ki andedan yo, kote te kab gen moun nòmalmann; ak nenpòt lòt batiman kote moun nan te konnen oswa te gen rezon byen fonde pou kwè te gen moun la. (lwa Eta Florid (' 806.01(1)(a)-(c)).

- H. Kòd 67 – **Fè fo/chanjman nan dokiman ak lòt enfraksyon majè.** Vle di fè fo dokiman oswa fo repwodiksyon dokiman oswa lajan oubyen lòt atik ankò ak entansyon pou pran avantaj yon sitiyasyon; enkli ni fo lajan ni fo dokiman; ak nenpòt enfraksyon nivo 3 ki pa apwopriye pou fèt sou lakou lekòl la ak ki pa klase pami lòt kategori enfraksyon nivo 3. Nan menm kategori sa a ou jwenn neglijan koupab, ekspoze lòt moun mete yo andanje (REMAK: nenpòt enfraksyon nan kategori sa a EGZIJE pou gen entèkansyon lapolis ki fèt.)

iii. Enfraksyon konsènan alkòl, sigarèt ak dwòg

- A. Kòd 70 - **Posesyon/izaj pwodui tabajis.** Vle di posesyon, izaj, lavant, konsèvasyon ak oswa distribisyon pwodui ki fèt ak tabak sou lakou pwopriyete distri lekòl la. Pami kèk nan pwodui tabajis yo, ou jwenn sigarèt, siga, tabak anpoud, fèy tabak, pip tabak ak tabak pou chike.
- B. Kòd 71 - **Posesyon ilegal ak izaj medikaman ki mande preskripsyon.** Vle di posede, sèvi, sere, oswa tonbe sou enfliyans nenpòt remèd medikaman ki mande preskripsyon doktè oswa nenpòt lòt medikaman san otorizasyon paran yo oswa san lekòl la pa t enfòmè (eksepte sa ki nan lis Kòd 21 an).
- C. Kòd 72 - **Izaj entoksikan.** Vle di aksyon pou aspire oswa rale nan nen nenpòt sibstans entoksikan, pami yo, men se pa sa sèlman, lakòl siman, sòlvan, gaz bitàn, krèm fwete ak entansyon pou fè yon eksperyans k ap aji sou pèsonalite elèv la.
- D. Kòd 73 - **Posesyon, izaj, fabrikasyon, lavant, konsèvasyon, ak distribisyon bwason alkolik oswa bwason entoksikan.** Vle di vyolasyon lwa ak òdinans ki defann moun fabrike, vann, achte, transpòte, posede, ak sèvi ak bwason alkolik ki entoksikan. Yo dwe rapòte moun nan sèvi ak sa sèlman si yo kenbe moun nan an flagran deli oswa si yo dekouvri moun nan te sèvi ak sa nan mitan yon envestigasyon.
- E. Kòd 74 - **Posesyon, izaj, lavant, konsèvasyon, oswa distribisyon akseswa pou pran dwòg.** Vle di posede, sèvi, vann, konsève oswa distribiye nenpòt ekipman, zouti ki kapab oswa ki pou sèvi nan preparasyon oswa nan pran dwòg ki gen ladan, men se pa sa sèlman, lis tout atik ki dekri nan paragraf 893.145 lalwa Eta Florid la, oswa atik ki gen menm deskripsyon ak sa paragraf 893.146 nan lalwa Florid la dekri kòm akseswa pou dwòg
- F. Kòd 75 - **Posesyon, izaj, konsèvasyon dwòg oubyen pwodui imitasyon ki reprezante kòm dwòg.** Vle di sere, posede, achte, itilize, oubyen pran nenpòt sibstans ki altere pèsonalite moun ak oswa ki danjere dapre deskripsyon lis ki nan seksyon 893 nan lwa Florid la, men ki pa sèlman fè pati kategori mariwana, alisinòjèn, inalàn, oswa nenpòt sibstans ki klase kòm ilegal tankou “dwòg konpoze”, oubyen tablèt kafeyin, pilil, grenn, oubyen ankò nenpòt sibstans ki fè pati kategori sa a pandan moun nan sou lakou lekòl la oswa nan jiridiksyon Distri lekòl rejyon Palm Beach la.

iv. Enfraksyon konsènan konduit dezòdone ak zam

- A. **Kòd 80 - Twouble fonksyonman lekòl la/Konduit dezòdone.** Vle di nenpòt aksyon ki entewonp lòd ak fonksyonman lekòl la, tankou konduit ki twouble atmosfè ansèyman nan lekòl la oubyen ki reprezante yon menas pou sante, sekirite ak byennèt elèv yo, anplwaye lekòl la ak lòt moun. Li obligatwa pou rapòte kalite ensidan ki tonbe nan kategori sa a bay lapolis ki kapab byen rive nan pwèn pou gen arestasyon.
- B. **Kòd 81 - Antre yon kote san otorizasyon.** Vle di antre sou lakou lekòl la oswa nan yon lokal distri a san otorizasyon, oswa antre san pèmisyon oswa san envitasyon nan yon aktivite lekòl la ap fè san objektif legal, sitou si se yon elèv ki an sispansyon oswa yon elèv sistèm lekòl la te ekspilse. Antre sou lakou lekòl la oswa nan yon lokal distri a san otorizasyon, oswa antre san pèmisyon oswa san envitasyon nan yon aktivite lekòl la ap fè san objektif legal, sitou si se apre yon responsab administrasyon lekòl la oswa reprezantan li te mande elèv la pou pa rete sou lakou lekòl la oswa pa patisipe nan aktivite k ap fèt la.
- C. **Kòd 82 - Rele dife pran pou granmesi/Rele 911 (lapolis) pou Granmesi.** Vle di kèlkeswa moun nan, san rezon valab, ki rele oswa sonnen klòch lekòl la, oubyen ankò ki kouri bri, oswa fè kouri bri gen dife pou granmesi oswa rele nimewo lapolis (911) pou granmesi.
- D. **Kòd 83 - Menas bonm.** Vle di fè fo rapò entansyonèlman bay nenpòt moun, te mèt se pèsonèl lekòl la, konsènan nenpòt bonb, dinamit ki poze oubyen nenpòt objè ki kab lakoz dife ensandi.
- E. **Kòd 84 - Zak vilgè, endesan oswa dezòdone ki pa apwopriye.** Vle di sèvi aloral oswa alekri ak mesaj elektwonik, foto, objè, fè jès, oswa angaje nan nenpòt zak fizik ki konsidere kòm zak vilgè, ki pa akseptab nan lasosyete, oswa ki pa apwopriye pou fè nan yon anviwònman edikatif. Ekspoze pati prive nan kò w (nan yon fason vilgè oubyen dezòdone devan moun oubyen an piblik), ak fè eskandal (konpòtman ki endesan dapre moral piblik ak/oswa lòt kalite kominikasyon vilgè tankou telefòn; fè, pibliye, vann, achte oswa posede materyèl ilegal tankou nòt alekri oswa foto).
- F. **Kòd 85 - Move konpòtman seksyèl.** Vle di angaje nan yon zak seksyèl oswa yon konpòtman fizik ki gen resanblans seksyèl; rapò seksyèl ilegal, kontak seksyèl oswa lòt konduit ilegal oswa konpòtman entansyonèl pou rive nan yon satisfaksyon seksyèl san fòs oswa san menas kote viktim nan kapab bay konsantman li.
- G. **Kòd 86 - Posesyon kouto.** Vle di posede nenpòt kouto ki kapab fè yon lòt moun mal, oswa kapab sèvi pou entimide yon lòt moun, tankou, men pa sèl kalite sa yo, kouto lam fiks, kanif, kouto lam li kapab chanje, razwa, kouto pou koupe bwat. (**Remak:** Si te gen yon zam ki te itilize nan yon ensidan, ensidan sa a sipoze kode dapre kalite zam ki te itilize a EPI yo kapab ogmante pinisyon an anpil.)
- H. **Kòd 87 - Posesyon lòt objè ki potansyèlman danjere.** Vle di posede nenpòt zouti oswa objè ki pa zamafe oswa kouto men ki kapab sèvi pou fè yon lòt moun mal, oswa kapab sèvi pou entimide nenpòt moun. Fizi chas ki rele bibigonn yo (*BB-gun*), zamafe jwèt oswa ki sanble ak zamafe tout bon yo nan kategori sa a. Posede oswa sere objè ki entèdi lekòl la, tankou, men se pa sèl kalite sa yo, chajè zamafe, bal oswa katouch, likid enflamab, materyèl ki kapab pwodui dife, alimèt, brikè, sibstans ki gen pwazon, likid ki gen piman, flit pwav, ak tout lòt bagay ki kapab lakòz yon mal, nan kategori sa a tou. (**Remak:** Si te gen yon zam ki te itilize nan yon ensidan, ensidan

sa a sipoze kode daprè kalite zam ki te itilize a EPI yo kapab ogmante pinisyon an anpil.)

d. **Nivo 4 – Enfraksyon konsènan zak kriminel**

- i. **Kòd 89 - Menas vyolans, Nivo elve.** Menas nivo elve se yon menas ki poze reprezante yon danje iminan oswa imedyata pou lòt moun; menas la fèt dirèk, klè, espesifik; menas la bay soupson gen etap byen detèmine ki te pran pou prepare li, tankou paegzanp gen pawòl ki te di ki fè konnen agresè a te genyen zam oswa t ap suiv tras viktim nan..
- ii. **Kòd 90 - Posesyon zamafe.** Vle di posesyon oswa lavant zamafe sou lakou lekòl la, oswa nan veyikil k ap fè transpò pou lekòl la oswa pandan aktivite lekòl la ap fèt. Yon zamafe defini kòm nenpòt zam ki fèt pou, oswa ki kapab, tire bal pamwayen eksplozyon (pistolè demaraj pou kous ladan l tou); nenpòt mòflè oswa silansye pou zamafe; nenpòt zam ki kab lakoz destriksyon; oswa nenpòt mitrayèt. Tèm zamafe a pa konsidere yon zamafe antik ki fè pati koleksyon, sof si zamafe antik sa a ta fè pati yon lis pyès yo ranmase pou prèv nan kad yon envestigasyon kriminel. (Remak: gade nan Lwa Eta Florid la, paragaf 790.001 (6)) Yon zam fannfwa vle di nenpòt zam tankou bonb, grenad, min, fize, misil, dinamit oswa nenpòt objè sanblab ki gen ladan li yon kalite pwodui eksplozif oswa ki fèt pou pwovoke eksplozyon ki kapab lakoz domaj fizik lakay moun oswa sou yon pwopriyete (Lwa Eta Florid, paragaf 790.001 (4)). Remak: Si gen yon zam kèlkonk ki te sèvi pandan yon enfraksyon, enfraksyon sa a dwe klase pami kategori enfraksyon apwopriye ki fèt ak zam yo.)
- iii. **Kòd 91 - Posesyon revolvè.** Vle di posesyon oswa lavant zamafe sou lakou lekòl la, oswa nan veyikil k ap fè transpò pou lekòl la oswa pandan aktivite lekòl la ap fèt. (REMAK: Si gen yon revolvè ki te sèvi pandan yon ensidan ki te fèt, ensidan sa a dwe klase nan kategori apwopriye ki koresponn ak kategori enfraksyon ak zam yo.)
- iv. **Kòd 92 - Posesyon, izaj, konsèvasyon, oswa distribisyon yon objè eksplozif (ki pa fedatifis, ni peta).** Yon eksplozif se nenpòt konpozisyon oswa melanj chimik ki genyen pwopriyete konbistyon oswa oksidasyon lè li jwenn chalè, flanm, oswa chòk, tankou men pa sèlman dinamit, nitrogliserin, trinitwotolyèn, oswa nitrat amonyak lè yo melanje ak lòt engredyan pou fòme yon melanj eksplozif; eksplozyon, ak eklatman (Lwa Eta Florid ' 790.001(5)). **Nòt:** Si yon ensidan te genyen objè eksplozif, yo sipoze kode ensidan sa a daprè zam ki koresponn ak sa ki te itilize nan ensidan) (**Remak:** Si gen yon eksplozif ki te itilize pandan yon ensidan ki te fèt, ensidan sa a dwe klase nan kategori apwopriye ki koresponn ak kategori enfraksyon ak zam yo.)
- v. **Kòd 93 – Lavant, posesyon ak entansyon pou vann oswa distribye, oswa distribisyon dwòg, pwodui ki sèvi kòm dwòg, oswa preskripsyon remèd.** Vle di vann oswa distribye nenpòt sibstans danjre ki konsidere kòm dwòg, ansanm ak tout lòt sibstans ki ilegal, tankou “dwòg fòje” oswa grenn kafeyin, konprime, kapsil, oswa nenpòt sibstans ki kapab sèvi kòm dwòg sou pwopriyete distri lekòl la, sou mwayen transpò, oswa nan aktivite lekòl la.
- vi. **Kòd 94 – Agresyon fizik grav.** Vle di sèvi ak zam nan yon atak oswa fè ekspresyon ofanse yon lòt moun nan yon fason tèlman grav ki lakoz moun nan vin domaje pou lavi oswa defigire pou lavi. Yon atak se lè yon moun fè ekspresyon touche oswa bay yon lòt moun kou san li pa vle oswa fè ekspresyon fè yon moun mal (Lwa Eta Florid " 784.03 & 784.045).
- vii. **Kòd 95 – Vòl a men ame.** Vle di vòlè lajan oswa lòt pwopriyete yon lòt moun, ak entansyon pou pran lajan an oswa pwopriyete moun nan pou yon ti bout tan oswa pou tout tan, lè genyen fòs, vyolans, ensilt, oswa kraponnaj ki fèt nan vòl la; ak

itilizasyon zamafe oswa lòt zam ki kapab touye moun (Lwa eta Florid " 812.13(1) & (2)(a)).

- viii. Kòd 96 – **Bat oswa atake yon anplwaye Distri lekòl la.** Vle di bat oswa atake pou bat, tankou sa defini anvan, nenpòt ofisyèl oswa anplwaye distri lekòl la, kit se sou lakou lekòl la, nan mwayen transpò lekòl la, oswa pandan yon aktivite lekòl la ap fè oswa pandan ofisyèl la oswa anplwaye Distri a ap fè travay Distri a. (Fla. Stat. § 1006.13(4)).
- ix. Kòd 97 – **Kadejak (Tantativ oswa penetrasyon seksyèl fòse).** Vle di penetrasyon oral, anal, oswa vajinal fòse pou antre kèlkeswa bagay la nan ògàn seksyèl yon lòt moun. (Lwa Eta Florid, paragraf § 794.011(1)(h)).
